ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№170 (21.828) ● 2010 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 14, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и лЫкІуэу Красноярск краймрэ щыІэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэмрэ Красноярск краймрэ яку дэлъ зэдэлэжьэныгъэр нэхъ жыджэру зэтегъэувэн мурадкІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «п» пунктым ипкъ иткІэ, **унафэ сощІ:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и лЫкІуэу Красноярск краймрэ щыІэну гъэувын (жылагъуэ кьалэну и пщэ илъхьэн) **Хьущт Аслъэнбэч Виталий и къуэр.**

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм шыщхьэІум и 27-м
№86-УП

2010 гъэм фокІадэм и 9-м террористхэм Владикавказ щыІэхащІыхьам теухуауэ УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ округым щыІэм, Урысей Федерацэм и Правительствэм и вице-премьерым

ЖИІАР

ЦІыхухэр хэкІуэдэныр - ар гуэвэгъуэшхоращ. Нэхъ шынагъуэкщ зыгуэрхэм я мурад фІейхэм пыщІауэ ахэр щыхэкІуадэм деж. Я3ыныкъуэхэм, Ди щхьэщыгум итым и Іэмырыр езыхэм кьабгьэдэхуэ хуитыныгъэу кьалытэурэ, цІыху лажьэншэхэр яуку. АтІэми апхуэдэ щІэпхъаджагъэр эрахъэ мусылъмэну щыІэм я махуэ лъапІэм - Нэщ1ИкІыж хьидым. Ар гуэныхъ тІуащІэщ, сыту жыпІэмэ, дэтхэнэ динри, псом япэу - лъагъуныгъэрэ гущІэгъуэрэщ.

ЦІыху тепІъэм ит а хьэкІэкхъуэкІэхэм ди сабийхэмрэ цІыхубзхэмрэ яку І,ныкъуэдыкъуэ ящІ, абы иужькІэ ахэр цІыхухьуу къэплъытэ хьуну? ЦІыхухьу нэсхэр, псом хуэмыдэу Кавказым и цІыхухъухэр, кьарууншэхэм эзи езауэу щытакъым. Абыхэм цІыху лажьэншэхэр зэи яуКІакъым.

Сэ икъуКІэ си гум щІыхьауэ саухуогузавэ лей зытехьахэмрэ абыхэм я Іыхьлыхэмрэ. ХэкІуэдахэм я унагъуэхэмрэ фэбжь зытехуахэмрэ зыхуеину дэІэпыкъуныгъэр фІэкІыпІэ имыІэу ягъуэтыныщ.

Ди деж, Кавказ Ищхьэрэм, мамырыгъэ нэс, зэпІэзэрытыныгъэ, псэукІэ тэмэм щыІэтеубину хуей псори кьыхэзодкэ а мурадхэм папщІэ зэкъуэузвэну. Тегушхуауэ зэкъуэузвэ террорымрэ ар зи Іэужьхэмрэ кьыжьэдакъуэну.

Мы щІэпхъаджагъэр кьыззыгъэпэщащэр дэ кьэдгъуэту я жэуапым етІупэІэн хуейщ. Дэ кьытфІэмыЛуэуху щыт хьунукъым ди хьуреягъкІэ щекІуэкІэр. Абы кьыхэкІыу дысакьыну, ди гъащІэр я Іэмыщ1э итыу кьызыщыкъужахэм, ди сабийхэм я къэКІуэнур тэмэму щытыну хуэмейхэм жыджэру дапэщІэувэну ди кьалэнщ.

ХЛОПОНИН Александр.

●КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Депутатхэм лэжьэн щІадзэж

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІущІэу республикэм законэр кьыдзэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и Унафэщ **Чеченов Ануар** иригъэкІуэкІам хэтахэр кьапэщыгъ Іуэхухэм хэмыпльэ щыкІэ яхуэщыгъуэщ Владикавказ кьалэм террористхэм щызэхащІыхьа щІэпхъаджагъэм хэкІуэдахэм.

Президиумым хэтхэм унафэ кьащтащ КъБР-м и Парламентым и зи чэзу пленар зэІущІэр фокІадэм и 30-м зэхуагъэсыну.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ республикэм и законхэм зэхъуэкІыныщхэр хэзыльхьэ законопроект зыбжанэм. Кьапщтэмэ, ахэр хэпльащ «2007 - 2012 гъэхэм КъБР-м и гъуэгухэм шынагъуэншагъэр кьыщІызэгъэпэщыныр» республикэ программэ хэхам зэхъуэжьныгъэ хэлъхьэныр теухуа документым. ПромышленностымкІэ, гъэзэгу хозяйствэмкІэ, транспортымкІэ, связымкІэ комитетым и унафэщІ**Мэремыкьуэ Сэфарбий** зэрыжиІамкІэ, мы законопроектым кьыщыгъэльэгъуащ гъэзэгум кьыщыхьуа щІэщхьухэм хэхуахэр кьеГъэлыным пыщІауэ кьагъэсэбэп гидравликэ Іэмэпсымэхэр кьащэхун папщІэ 2010 - 2011 гъэхэм кьрибудэу КъБР-м Финансхэмкіэ и министерствэм сом мелуани 6 кьиутІыпщын хуейуэ.

Зэхъуэжьныгъэхэр халъхьэну я мурадщ «2007-2011 гъэхэм КъБР-м узыншагъэр хьумэным зыщегъэжьыныр» республикэ программэ хэхами. ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмкІэ, узынщагъэр хьумэнымкІэ комитетым и унафэщІ **Жанатаев Сэлим** кьыхигъэщхьэхукІащ кьыхальхьэ Іуэхущ1эхэр «Узынщагъэ» лъэпкъ проект пэрытым щыІэбзыуа унэтІыныгъэщІэхэм зэряхуэгъэзаэр. Псалъэм папщІэ, УФ-м и Правительствэм кьыдигъэкІа Унафэм ипкъ иткІэ, узынщагъэр хьумэнымкІэ сабий центрхэр кьызэІуахынущ, апхуэдэу дэм елэжь кабинетхэмрэ сабийхэм я узынщагъэр егъэфІэкІуэнымкІэ центрхэм папщІэ зыхуеину Іэмэпсымэхэр кьащэхунущ.

Ищхьэкіэ кьыщыгъэльэгъуэ законопроектхэм КъБР-м и Парламентым зыхуэфащэ и комитетхэр елэжьыжа нэужь, аэр Парламентым и пленар зэІущІэм кьыщыхальхьэнущ.

АдэкІэ Президиумым хэтхэр тепсэлъыхьащ УФ-м и адрей субъектхэм я парламентархэм законхэр кьыдэгъэкІыным теухуауэ кьагъэхьа жэрдэм зыбжанэм.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар хэхауэ тепсэлъыхьащ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэм Іуэхутхьэбзэхэр щызэфІэзыгъэжьащ монополистхэм я лэжьэкІэм республикэм законхэр кьыдзэзыгъэ и органым и нэІэ зэпымыууэ зэрыстетым.

Абы депутатхэм гу лъаригъэтащ мы Іэнатіэм щызэфІагъэкІ Іуэхутхьэбзэхэмрэ абыхэм я тарифхэмрэ цІыху куэд зэригъэтхъэусыхэм. Абы кьыхэкІыу республикэм и Парламентым зыхуэфащэ и комитетым, мы Іэнатіэм егъэщІилэ ведомствэхэр щІэтхъэкІуэн ищІуэ, кІэлъыплъыныгъэр нэхъ тКІийуэ иригъэкІуэкІынущ.

Президиумым хэтхэм унафэ кьащтащ Налшык кьалэ округым и «Кьалэ клиникэ сымаджэщ №2» муниципальнэ Іуэхущ1апІэм и дохутыр-хирург Иуан Асльэн Аскэрбий и къуэм КъБР-м и Парламентым и Щ1ыхь тхылъыр етыным теухуауэ.

Президиумым и зэІущІэм нэгъэщІ Іуэхуэмэ щытепсэлъыхьащ.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.



Дуней псом щэнейрэ и чемпион Махуэ Билал

Вэсэмахуэ Мэзкуу щыІэхуащІыжащ бэнэкІэмкІэ цІыхухъуэмрэ цІыхубзхэмрэ я дунейпсо чемпионатыр. Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам хэту абы щыбна ди лъэпкъэгъу Махуэ Билал иджы ещанэ дунейпсо чемпион цІэр зыІэригъэхьащ.

КИЛОГРАММИ 120-рэ зи хьэлъагъхэм я гупым и финалым и 1/8-нэ Іыхьэм бэнэн щыщІэзыдза Махуэр япэу ІущІащ Венесуэлэм щыщ Урбанеху Фелипе. Гугъущэ демыхьу ІыхьитІым 4:0-рэ 5:0-у ди лъэпкъэгъум ар хигъэщІащ. КъыкІэльыкІуэу Билал хьэрхуэрэгъу кьыхуэхьуа, Венгриеи и лЫкІуэ Пигети Даниел псори зэхэту 7:4-уэ ефІэкІащ. Финалым кІуэн щхьэкІэ зэІущІэм дуней псом тЕунейрэ чемпионым кьыщыпэщІэтащ куржы бэнакІуэ Берианидзе Леван. Абыи 3:1-рэ 2:0-у зэІущІэр кьыфІихьри, Махуэр финалым нэсащ.

Иужьрей зэІущІэр псом нэхъри нэхъ хьэлъэ дыдэу кьыщІэкІащ - Махуэ Билал кьыщыпэщІэтащ 2004, 2008 гъэхэм я Олимп чемпион, 2000 гъэм Олимп Джэгухэм дыжьын медалыр кьыщызыхьа, дуней псом тЕунейрэ чемпион хъуа, Узбекистаным и лЫкІуэ Таймазов Артур. ЗэІущІэм и япэ Іыхьэм адыгэ щІалэр гугъуэхьышхуэ пылъу 1:0-у щытекІуащ. ЕтІуанэри тынш зэрымыхъунум шэч хэлъ тэкъым. Арщхьэкіэ, мыбыи Махуэр нэхъ лъэбдыдэкІэ щыщытащ икІи 1:0-у щытекІуэри, дунейпсо чемпион хъуащ. Дунейпсо чемпионатым и жэз медалхэр кьалъысащ куржы бэнакІуэ Берианидзе Леванрэ Алыджым щыщ Арзуманидис Иоаннисрэ.

Мэзкуу щекІуэкІа чемпионатым кьрикІуэкэр зэхалъхэжа нэужь, Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам япэ гуп увыпІэр кьыщихьауэ кьыщІэкІащ. Псори зэхэту ди къэралым и бэнакІуэхэм кьахьащ очко 66-рэ. Абыхэм кьакІэлъокІуэ Азербайджанымрэ (очко 42-рэ) Кубэмрэ (очко 37-рэ) я спортсменхэр.

- Иджырей текІуэныгъэм лъабжьэ хуэхъуащ ерыщу зэрызызгъэсар, - жиІащ дунейпсо чемпионатэм ещанэу дыщэ медалыр кьыщызыхьа Махуэ Билал. - Бэнэкіэр шахматхэм хуэдэкъым, мыбы уи хьэрхуэрэгъум щІэнур нэхъапэІэкІэ кьыщыпхуэщІэнуным и лЫкІуэ Таймазов Артур. ЗэІущІэм и япэ Іыхьэм адыгэ щІалэр гугъуэхьышхуэ пылъу 1:0-у щытекІуащ. ЕтІуанэри тынш зэрымыхъунум шэч хэлъ тэкъым. АрщхьэкІэ, мыбыи Махуэр нэхъ лъэбдыдэкІэ щыщытащ икІи 1:0-у щытекІуэри, дунейпсо чемпионатым щыщ медалхэр кьызэрыщыхьа. Си текІуэныгъэр тыгъэ яхуэщІ кьыздэщІа псомэ.

Махуэ Билал ди республикэр, кьэралыр зэрыгушхуэ спортсменахьарзэманщ.

Ди гуапэщ иджыпстурей лъэхьэнэр фІы дыдэу езыхьэкІ адыгэ щІалэм 2012 гъэм Лондон щекІуэкІыну Олимп Джэгуэм и екъуІэныгъэхэм щыпищэну.

ЖЫЛАСЭ Замир.

●Политикэ партхэм

Къулейсызыгъэ зылъысахэм ядоІэпыкъу

«Урысей зэкъуэт» партым и республикэ къудамэм сом мин 600-м щІигъу зэхуихьэсакІэщ мафІэсхэр зэранышхуэ зыхуэхьуа щыІналъэхэм щыпсэухэм ядэІэпыкьуэн папщІэ.

Партым и щІыпІэ гъэзэщІакІуэ комитетхэм я лэжьакІуэхэм иджыри ахъшэ зэхуахьэс щытыкІэ гугъу ихуа апхуэдэ щІыхьэхэм защІэгъэкъуэн мурадкІэ.

ШУРДЫМ Мадинэ.

Іуэхум и мыхьэнэр къагуроІуэ

Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и щІыналъэ органу КъБР-м щыІэм и ІэщІагъэлІхэр зыдагъэІэпыкъуурэ Прохладнэ районым и унафэщІхэм, кьуажэ жылагъуэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэщ1агъэлІхэм лэжьыгъэпцІухуэ иригъэкІуэкІ 2010 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм цІыхухэр кьыхэтхыкІыным зыхуэгъэхьэзырным хуэунэтІауэ. Нобэм ирихьэлІэу ягъэхьэзыращ цІыхухэр кьыхэтхыкІыныжкІэ 7, инструктор участкэу 28-рэ кьыщызэрагъэпэщыну пэщхэр. Абыхэм зыхуеину унэльащІэхэр щІагъэуващ, телефон щІашащ, хъумакІуэхэмкІэ кьызэрагъэпэщащ. Апхуэдэу цІыхухэр кьыщыхатхыкІыну участкэу 7-м я унафэщІу щытынухэр, инструктор-къэпщытакІуэу 28-р, цІыхухэр кьыхэзытхыкІыну лэжьакІуэу 110-р ягъэбелджылащ. Ахэр кьыщыхахым япэ ирагъэщащ мы Іуэхум и мыхьэнэр нэгъэсауэ кьызыгурыІуэхэр, щІэныгъэ зиІэхэр, жауэлныгъэ зыбгъэдэлъхэр.

ЦІыхухэр кьыхэтхыкІыным хэтыну лэжьакІуэхэр а Іуэхум хуагъэхьэзырыщу щІэныгъэ зиІэхэр, жауэлныгъэ зыбгъэдэлъхэр.

ЦІыхухэр кьыхэтхыкІыным хэтыну лэжьакІуэхэр а Іуэхум хуагъэхьэзырыщу щІэныгъэ зиІэхэр, жауэлныгъэ зыбгъэдэлъхэр.

ЛУПЫРЕВЭ Иринэ.

● Бэнэкіэ хуит

Тхьэмахуэ Мэзкуу щыІэхуащІыжащ бэнэкІэмкІэ цІыхухъуэмрэ цІыхубзхэмрэ я дунейпсо чемпионатыр. Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам хэту абы щыбна ди лъэпкъэгъу Махуэ Билал иджы ещанэ дунейпсо чемпион цІэр зыІэригъэхьащ.

КИЛОГРАММИ 120-рэ зи хьэлъагъхэм я гупым и финалым и 1/8-нэ Іыхьэм бэнэн щыщІэзыдза Махуэр япэу ІущІащ Венесуэлэм щыщ Урбанеху Фелипе. Гугъущэ демыхьу Іыхьитім 4:0-рэ 5:0-у ди лъэпкъэгъум ар хигъэщІащ. КъыкІэльыкІуэу Билал хьэрхуэрэгъу кьыхуэхьуа, Венгриеи и лЫкІуэ Пигети Даниел псори зэхэту 7:4-уэ ефІэкІащ. Финалым кІуэн щхьэкІэ зэІущІэм дуней псом тЕунейрэ чемпионым кьыщыпэщІэтащ куржы бэнакІуэ Берианидзе Леван. Абыи 3:1-рэ 2:0-у зэІущІэр кьыфІихьри, Махуэр финалым нэсащ.

Иужьрей зэІущІэр псом нэхъри нэхъ хьэлъэ дыдэу кьыщІэкІащ - Махуэ Билал кьыщыпэщІэтащ 2004, 2008 гъэхэм я Олимп чемпион, 2000 гъэм Олимп Джэгухэм дыжьын медалыр кьыщызыхьа, дуней псом тЕунейрэ чемпион хъуа, Узбекистаным и лЫкІуэ Таймазов Артур. ЗэІущІэм и япэ Іыхьэм адыгэ щІалэр гугъуэхьышхуэ пылъу 1:0-у щытекІуащ. ЕтІуанэри тынш зэрымыхъунум шэч хэлъ тэкъым. АрщхьэкІэ, мыбыи Махуэр нэхъ лъэбдыдэкІэ щыщытащ икІи 1:0-у щытекІуэри, дунейпсо чемпион хъуащ. Дунейпсо чемпионатым и жэз медалхэр кьалъысащ куржы бэнакІуэ Берианидзе Леванрэ Алыджым щыщ Арзуманидис Иоаннисрэ.

Мэзкуу щекІуэкІа чемпионатым кьрикІуэкэр зэхалъхэжа нэужь, Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам япэ гуп увыпІэр кьыщихьауэ кьыщІэкІащ. Псори зэхэту ди къэралым и бэнакІуэхэм кьахьащ очко 66-рэ. Абыхэм кьакІэлъокІуэ Азербайджанымрэ (очко 42-рэ) Кубэмрэ (очко 37-рэ) я спортсменхэр.

- Иджырей текІуэныгъэм лъабжьэ хуэхъуащ ерыщу зэрызызгъэсар, - жиІащ дунейпсо чемпионатэм ещанэу дыщэ медалыр кьыщызыхьа Махуэ Билал. - Бэнэкіэр шахматхэм хуэдэкъым, мыбы уи хьэрхуэрэгъум щІэнур нэхъапэІэкІэ кьыщыпхуэщІэну

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Залымыгъэр къызэтегъэувыIэн, зэкъуэту бийм пэщIэувэн

Абы

Владикавказ террористхэм щыIэзхащIыхьам теухуауэ УФ-м и Жылагъуэ палатэм Кавказым жылагъуэ зэпсэлъэныгъэмрэ граждан Iуэхущ1апIэхэмрэ зыщегъэужьыныкмкIэ и лэжьакIуэ гупым 2010 гъэм фокIадэм и 9-м жаIар

УФ-м иЖылагъуэ палатэм Кавказым жылагъуэ зэпсэлъэныгъэмрэ граждан Iуэхущ1апIэхэмрэ зыщегъэужьыныкмкIэ и лэжьакIуэ гупыр Осетие Ищхъэрэм и къалащхьэ Владикавказ къалэм 2010 гъэм фокIадэм и 9-м террористхэм щыIэзхащIыхьа хьэкIэжхъуэкIагъэм хэкIуэдахэм я унагъуэхэм яхуогузавэ икIи сфэбжь щIэуэтахэр икIуэщIипIэкIэ кьызэфIэувэжьмэ я гуапэщ.

ЩIэпхъаджащIэхэм Бесльэн щыIэзхащIыхьахэм я лъэужьхэр игъэзэкIуэжьну хунэмыс щIыкIэ, Осетие Ищхъэрэ лъыгIабжэ гуэвэгъуэхэм зыбжанэрэ хэхуащ. Владикавказ и кьалэ бззэрым нобэ кьыщагъуэа лагьымыр Осетием и къалащхьэм а и хьэблэм щыпсэу цIыху мамырхэм яхуэгъэзауэ зэхащIыхьа елпIанэ щIэпхъаджагъэщ.

Иджыблагъэ Буйнакск щыIэ дзэ частым теуэу цIыхуи 4 зэрауклам, адрей щIэпхъаджагъэ инхэу, псальэм папщIэ, Къэбэрдей-Балькъэрым щыщ федералькIэ судыщIэ Бичэ Джульбер зэраукIам, Дагъыстэным лъэпкъ политикэмкIэ, дин IуэхуэхмкIэ, нэгъуэщI щIыналъэхэм ядэлэжьэнымкIэ и министр Бекмурзаев Бэчмырзэ зэрытеуам, нэгъабэ Ингушым и Суд нэхьыщхьам и унафэщIым и кьуэдзэ Газгиревэ Азэ, Дагъыстэным къэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ и министр Магомедтагиров Адэлджэрий сымэ зэраукIам, Кавказ Ищхъэрэм щыщ жылагъуэ, къэрал лэжьакIуэ куэдым, кьыззэрыгуэкI цIыхухэм хьэкIэкхъуэкIагъэ хэлъу зэратеуам кьадэкIуэу, икIи кIэщIыкIуэ щыIэ мы щIэпхъаджагъэр щыхьэт тохъуэ Урысей къэралымрэ жылагъуэмрэ я бий зауэ бзаджащIэхэм Кавказым зэрыщагъэжьам.

Ижь зэманым кьызэрыгуэкI цIыхухэмрэ Кавказ Ищхъэрэм и республикахэм я хабзэхъуэм органэм я лэжьакIуэхэмрэ щатеуэкIэ щIэпхъаджащIэхэм езыхэми зэрызаужьыжьым кьегъэпльагъуэ бандитхэм щIалагъуалэр дашэхьи, ахэр ягъэжьхьун зэрахуэфIэкIыр. ИщхъэкIэ зи гуГъу щытщIа хьэкIэкхъуэкIагъэр псом хуэмыдэу гум тегъэхуэгъуейщ ар Урысейм и муслымэнхэм Нэщ1икIыж хьидыр - псапэмрэ гущIэгъумрэ я махуэшхуэр - щагъэлъапIэм зэрырагъэхьэлIар.

УФ-м и Жылагъуэ палатэм Кавказым жылагъуэ зэпсэлъэныгъэмрэ граждан Iуэхущ1апIэхэмрэ зыщегъэужьыныкмкIэ и лэжьакIуэ гупым хэтхэм Кавказ Ищхъэрэм и къуэдзэ Газиревэ Азэ, Дагъыстэным къэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ и министр Магомедтагиров Адэлджэрий сымэ зэраукIам, Кавказ Ищхъэрэм щыщ жылагъуэ, къэрал лэжьакIуэ кьэльыкIэр къэльытэным, зэгузонанс» СРПД-м жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и унафэщIым и кьуэдзэ

УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэу:

Шевченкэ Максим - УФ-м и Жылагъуэ палатэм Кавказым жылагъуэ зэпсэлъэныгъэмрэ граждан Iуэхущ1апIэхэмрэ зыщегъэужьыныкмкIэ и лэжьакIуэ гупым и унафэщI

Симоньян Маргаритэ- «Russia Today» телеканалым и редактор нэхъыщхьэ

Брод Александр - ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ Москва къалэм и бюром и тхьэмадэ

Глазычев Вячеслав - Приволжскэ федеральнэ округым Стратегие къэхутэныгъэхэмкIэ и центрым и унафэщI, Урысейм ХудожествэхэмкIэ и академием Изобразительнэ гъуазджэм и теориемрэ тхыдэмкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым дизайнымкIэ и кьудамэм и унафэщI, «Европ» тхылъ тедзапIэм и генеральнэ директор, Урысейм ДизайнымкIэ и лъэпкъ академием и президент

Дзасохов Гочэ - «Куржым и лъэпкъхэм я ассамблее» къэрал зэхуакъ жылагъуэ зэгучъэныгъэм и тхьэмадэ

Канделаки Тинэ - «Телестанц гуп» акционер обществ зэхуэщIам и телепрограммэхэр езыгъэкIуэкI

Лукьяновэ Еленэ - юридическэ факультетым конституцэ, муниципальнэ правэмкIэ и кафедрэм и профессор

Мамонтов Владимир - «Известия» газетым и редакцэм и президент

Мохначук Иван - Урысейм и фIамыщI промышленностым и лэжьакIуэхэм я профсоюз щхьэхуитым и тхьэмадэ

Муртазалиев Абумуслим - Дагъыстэн Республикэм и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ, Дагъыстэн къэрал университетым къэралымрэ правэмрэ я теориемкIэ и кафедрэм и унафэщI

Николаевэ Еленэ - «Iуэху зэзыхьэ Урысей» журналым и редакцэм и президент

Плещевэ Иринэ - ЩIалэгъуалэм я цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм зегъэужьыныкмкIэ центрым и унафэщI, «РеурыIуэным, жылагъуэм и фIыгъуэхэм папщIэ дэчыхьным, граждан Iуэхущ1апIэхэм зегъэужьыным тещIыкIхьауэ зэрыщытыпхъэр.

Дэ политикэ, жылагъуэ, лъэпкъ, дин къару псори кьыхудоджэ Кавказым залымыгъэр кьыщызэтегъэувыIэным хуэнэтIауэ яхуэзэфIэкI псори яIужьыну, бийм зэкъуэту пащIэувэну. Дэ кьызэрытпыгэмкIэ, щIыналъэм щыIэ жылагъуэ, лъэпкъ, дин зэщIэхъееныгъэу Кавказ Ищхъэрэм зэи мыхъуж уIэгъэ теIуэ екIуэкIыну хуэмейхэм, зэгурыIуэ, Мамырыгъэм, зэгурыIуэныгъэм, жылагъуэ зэпсэлъэныгъэм теуэуа кавказпсо меморандумым Iэ щIадзыпхъэу.

Апхуэдэу дэ кьыхэдгъэщхьэхуэкIыну дыхуэеиц цIыху мамырхэм Iэщ1эр ятезыгъапсэ бзаджащIэхэр лъэпкъ пыухыкIам щымыщIу, динми имыту кьызэрыIыпытапхъэр. Абыхэм я мурад нэхъыщхьэр апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэр кьагъэсэбэпурэ лъэпкъ, дин зэгурымыIуэныгъэр зэщIагъэстыну арац.

УФ-м и Жылагъуэ палатэм Кавказым жылагъуэ зэпсэлъэныгъэмрэ граждан Iуэхущ1апIэхэмрэ зыщегъэужьыныкмкIэ и лэжьакIуэ гупым хэтхэм Кавказ Ищхъэрэм и цIыхухэм лъэпкъ зыхуагъазэ хэмыльэдэну, мыпIейтейну, лъэпкъ зэдэлэжьэныгъэр и лъабжьэу зэкъуэувэу щIэпхъаджащIэхэмрэ террористхэмрэ я пэщIэувэну.

УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэу:

Раховский Сергей - Евангличе мэсхьэбым и чристэнхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэ, Урысейм и протестант члисхэм я унафэщIхэм я чэнджэщзагъу советым и унафэщIхэм ящыщ, Урысей библие зэгухьэныгъэм и правленэм хэт

Соколов Александр - «Урысейм и щIалэгъуалэ, сабий зэгухьэныгъэхэм я Льэпкъ Совет» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я ассоциацэм и тхьэмадэ

Солтагереев Хусайн - Шэшэн Республикэм и Профсоюзхэм я советым и тхьэмадэ

Шпектор Игорь - Урысейм и Заполярьем и Ищхъэрэ щIыналъэ тхыдэзмрэ щыIэ кьаIэхэм я союзым и президент

Кавказ Ищхъэрэм и республикахэм щыщу лэжьакIуэ гупым хэтхэу:

Азимов Ахьмэд - Кавказ лъэпкъхэм я урысей конгрессым и исполкомым и тхьэмадэ, къуэкIыпIэ щIэныгъэхэмкIэ магистр

Ахильгов Калой - Ингуш Республикэм и Президентым и пресс-секретарь - пресс-Iуэхущ1апIэм и унафэщI

Гаджиев Нариман - экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат, РГКВ каналым «Iуэхушхуэхэр» программэр щезыгъэкIуэкI, «Эхо Москвы» информацIэ программэм и кьудамэу Мэхъэчкьалэ щылажьэм и унафэщI

Курбанов Руслан - Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием ВостоковедениемкIэ и институтым Азие Курыгымрэ КавказымкIэ и кьудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщхьэ

Салбиевэ Зитэ - Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и Жылагъуэ палатэм и секретарь.

2010 гъэм фокIадэм и 10-м.

Псы щыдиIэнур дапщэщ?

Гукъеуэ

Аршыдан кьуажэм Ленриным и цIэр зезыхьэ уэрамым щыпсэу унагъуэ зыбжанэм зыкъом щIауэ псы щIамыIэм и щхьэусыгъуэр зэхэдгъэкIыну жэуап пыухыкIа еттыжьну щIэпхъуэ ди газетым къэпсэльащ абы щыщ пенсионер Тулащ Линэ.

РЕДАКТОР нэхъыщхьэм а Iуэхур зэхэзгъэкIыну кьалэн кьыщысщищIым, псыкIэ гуГъу ехь хьэблэм икIэщIыпIэкIэ сыкIуащ. Псынщ1эу кьыззохуэса Батly Мухьэдин, Дыгъужьей Зое, Тулащ Линэ, Аргъэшокъуэ ХьэIишэт, Мамхэгъ Розэ, Бэхъуцэ Ксенэ сымэ псым теуха я гъукъеуэм эр гъунэншэт.

Абыхэм зэрыжаIамкIэ, егъэлеяуэ щыхьэба мы гъэмахуэм ар махуэкIэрэ зэзэмызэхэхэ фIэкIа кьижакъым. Хьэблэм я псыр жэщкIэрэ нэхъ кьож, арщхьэкIэ ар щIызэхуахьэсурэ я жейр ныкъуэ мэхъури, гугъу ирегъэхь. Псом хуэмыдэу ар кьехьэлъэкIащ нэщI иса нэхъыжьхэм. Уэнгъащхэм я пщэфIэн, жьашIэн, зэфIагъэкIын хуэдизкIэ нэгъуэщI унагъуэ Iуэху куэд абы и зэранкIэ кьыззэрынэр кьыхагъэщащ. Псы зимыIэ язынькьуэ унагъуэхэр (пенсионер, ныкъуэдькьуэ фIэкIа зэрымысхэр, сабий куэд зиIэхэр зэраехъыж кьыхэкIыу) гъунэгъухэм кIуэурэ кьаухуэмыхьу гугъу ехьырт.

ЩIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Пуаз ФатIимэ Iуэхум теухуауэ зэщIыкъузгъэзэм, зи гугъу тщIы хьэблэм псы зэрамыIэм зэрыщыгъуэзэр, ар гъэзэкIуэжьным зэрыгъелажьэр жиIащ. Администрацэм и унафэщIымрэ ЖКХ-м и нэхъыкIэ Мэсей Русланрэ я псальэхэм кьыхагъэщащ, зэраубзыхуам тегу, абыхэм псыр зэрыхуэуатыпыщ. Кьыззэрыкъэщащ, а Iуэхум сыт щыгъуи дытолажьэ, ауэ псори зэльытпжьар мыльку́ращи, ар зэрахуримыкъум кьеIуахьэ. КьыщынэмыщIауэ, кьуажэм иджыпсту щылажьэ насосхэм зы сыхьэтым хуэзэу тонн 15 - 18 фIэкIа кьыззэрыщIамышыфым кьыхэкIыу псори яхуэзэльэгъэIэсыркъым.

- ЗэрытщIэщи, псыр сыт щыгъуи ёожэх. Ар дэ кьуажапщэмкIэ дэдгъэжеину иужь дитщи, хуабэ зэрыхьуэрэ Лениным и уэрамым тес унагъуэ зыбжанэм ар яльэIэсыркъым. КьуажэкIэмкIэ псыр яIэщ, нэхъ гугъу ехьыр кьужапщэ, хэращи, зыкъытхуагъэзащ, мыгувэу зэрахуэдутIыпщынум теухуа жэуапи еттыжащ, - пещэ Иуазым. - Дунейр щыуэлбанэм и деж сыт щыгъуи абыхэм псы ять уэт. Кьамыгъэзэбэпыжу щыт кьыщIэшыпIэр зэдгъэпэщыжауэ, кьедгъэтIа щIыпIэм и деж псы кIуэпIэ бжьамийуэ километри 2-рэ метр 400-рэ дедгъалъхьэу нобэ-пщэдей яхуэдутIыпщынум.

НэхьапэкIи кьыззэрыдгъэлъэгъуащи, псым теухуауэ Арщыдан лэжьыгъэшхуэ щызэфIагъэкI. Фигу кьэдгъэкIжыныщ, 2006 гъэм Пуаз ФатIимэ кьуажэ администрацэм и унафэщI кьулыкъур кьыщыхуагъэфэщам, зэрыжьклэу псыкIэ г гугъу екъу, егъэлеяуэ хуабэрэ псы кьыщIэшыпIэ зытхух фIэкIа мылажьэу ирихьэлащ. Псы уасэ зэрамытым кьыхэкIыу абы щыщу кьыщIэшыпIитIым фIэкIа кьэмнэу адрейхэр пайщIауэ щытащ. Иджыпсту Арщыданыр процент 90-кIэ псыкIэ кьыззэрагъэпэщащ, кьыщIэшыпIэу 12 мэлажьэ. Кьуажэм цIыху мини 8-м щIигъу щопсэури, ар зыльэмыIэсу кьинар мащIэ дыдэщ. Президентым и пщэрылым тету, сыхьэтым хуэзэу тонн 60 кьыщIэзэкъуекIыщIэшыпIэщIэ 2011 гъэм яхуэунэ планым хагъэхьащи, ар зэфIэкIмэ, зэрыжьклэу псы пэрыхьэту ягъуэтынущ.

- Кьуажэдэсхэр псэупIэ-коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ арэзы зэрыгущIыныкъсыт щыгъуи дытолажьэ. Кьыщ1эшыпIэхэр зэрыдгъэлажьэ электрокъарум куэд зэригъэсым кьыхэкIыу (мазэм хуэзэу сом мин 300-м щIигъу хуоз) ди псыр лъапIэ дыдэ мэхъу, - жеIэ администрацэм и Iэтащхьэм. - КьыдэхъуIэмэ, етIанэгъэ электрокъарур зэрыгъэзахуэ Iэмэпсымэм хуэдэ дгъэувынущ. Ауэ, кьуажэдэсхэм ЖКХ-м и Iуэхутхьэбзэхэм япэкIуэр, зэращIтэмэ, псы уасэр ямытмэ, лэжьыгъэ псори псыхэкIуадэ хьунущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Гу зылыпытапхъэ: *ЩIыпIэ администрацэм хьыбар кьыззэрыдгъэщIамкIэ, дызытекIухьа Iуэхум теухуа тхыгъэр хьэзыр щыхьуэм ирихьлIэу зи гугъу тщIа щIыпIэныгъэхэр ягъэзэжу́жащ.*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым фIагъым и лъэныкъуэкIэ и саугъэтхэр 2010 гъэм тыным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балькъэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм шыщхьэIуэм и 31-м ***№187-ПП***

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым фIагъым и лъэныкъуэкIэ саугъэтхэр 2010 гъэм тынымкIэ конкурс комиссэм кьнгъэхьахэм хэлпъауэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым фIагъым и лъэныкъуэкIэ и саугъэтхэр 2010 гъэм тынымкIэ конкурс комиссэм и унафэр дэIыгъын.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым фIагъым и лъэныкъуэкIэ и саугъэтхэр 2010 гъэм тынымкIэ конкурс комиссэм и кIэух протоколыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентыр хэпльэн папщIэ хуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ ТХЬЭЗЭПЛЫЖКМурат

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым фIагъым и лъэныкъуэкIэ и саугъэтхэр къэхьыныкмкIэ конкурс

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым фIагъым и лъэныкъуэкIэ и саугъэтхэр 2010 гъэм тынымкIэ конкурс комиссэм и КIЭУХ ПРОТОКОЛ

ФIагъымкIэ конкурс комиссэм хэтхэр:

№№	Конкурс комиссэм щигъэзащIэ кьалэныр	УнэщIэр, цIэр, адэцIэр	И лэжьапIэр, иныгъ кьулыкъур
1.	Комиссэм и унафэщIщ	Уянаев К. Хь.-М.	Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэщ
2.	Комиссэм и унафэщIым и кьуэдзэщ	Мусуков А. ТI.	Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министрщ
3.	Комиссэм и унафэщIым и кьуэдзэщ	Шурдым Ю. Хь.	«СтандартизацэмкIэ, метрологиемкIэ, сертификацэмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр центр» федеральнэ къэрал Iуэхущ1апIэм и унафэщIщ
4.	Комиссэм и секретарщ	Макеев Е. И.	«СтандартизацэмкIэ, метрологиемкIэ, сертификацэмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр центр» федеральнэ къэрал Iуэхущ1апIэм экспертизэмрэ информацIэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ и кьудамэм и унафэщIщ
5.	Комиссэм хэтщ	Ашахметовэ М. Хь.	Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Сату-промышленнэ палатэм и унафэщIщ
6.	Комиссэм хэтщ	Вайсман И. В.	«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Гигиенэмрэ эпидемиологиемкIэ щыIэ центр» узынщагъэр хъумэныкIэ федеральнэ къэрал Iуэхущ1апIэм и дохутыр нэхъыщхьэщ
7.	Комиссэм хэтщ	КхъуэIуфэ И. Б.	Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министрым и кьуэдзэщ
8.	Комиссэм хэтщ	Конаревэ Н. Ю.	«Кабардино-Балкарская правда» газет» къэрал Iуэхущ1апIэм и редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэщ
9.	Комиссэм хэтщ	Ксанаевэ Р. М.	Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщIщ
10.	Комиссэм хэтщ	Мамбэт А. Хь.	Техникэ Iуэхуэхэр зэблэгъэкIынымкIэ, метрологиемкIэ федеральнэ агентствэм Ищхъэрэ федеральнэ округым и республикэхэм къэрал кIэльыплъыныгъэ щегъэкIуэкIынымкIэ и Ищхъэрэ зэхуакъ управленэм и кьудамэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым и кьуэдзэщ
11.	Комиссэм хэтщ	Минин В. П.	Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм промышленностымкIэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и кьуэдзэщ
12.	Комиссэм хэтщ	Пщыншэ Къ. Хь.	Федеральнэ антимонопольнэ кьулыкъущ1апIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIщ
13.	Комиссэм хэтщ	Улаков Ю. Щ.	Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм спортымрэ туризмэмкIэ и министрым и кьуэдзэщ
14.	Комиссэм хэтщ	ЩхъуакIуэхэм я хуитыныгъэхэм кьыщхьэщыжьынымрэ щIыхум псэукIэ тэмэм кьыхуэзгъэпэщынымрэ я ЕнатIэм кIэлъыплъыныгъэ щегъэкIуэкIынымкIэ федеральнэ кьулыкъущ1апIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм и унафэщIщ
15.	Комиссэм хэтщ	Харченкэ Ю. И.	Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм транспортымкIэ, связымрэ гъэзэгу хозяйствэмкIэ и министрым и кьуэдзэщ - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ТранспортымкIэ, связымрэ гъэзэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм транспортымрэ связымкIэ и департаментым и унафэщIщ
16.	Комиссэм хэтщ	Ерчэн Т. Хьу.	Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министрщ - лэжьапIэ зытхэм я «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и промышленникхэмрэ хьэрычэт лэжьакIуэхэмрэ я союз» щIыналъэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэщ

КъБР-м и Президентым фIагъым и лъэныкъуэкIэ и саугъэтхэр 2010 гъэм кьахьынымкIэ конкурсым Iуэхущ1апIэу 30 хэтащ икIи абыхэм продукцэ, Iуэхутхьэбзэ лIэужьыгъуэу 100-м щIигъу кьыхалъхьащ.

ФIагъымкIэ комиссэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм ипкъ иткIэ яубзыхуащ икIи къащтащ конкурсым щытекIуахэр:

Номинацэ къэс товархэм щыхуагъэфэща рейтингхэм я номерхэр	Конкурсым хэта предприятэм зэреджэр	Конкурсым кьыщыхалъхьа продукцэр	ЗэрызэкIэлъыкIуэкIэ ехыу товархэм кьахьа балл бжыгъэр (экспертхэм кьызэралытамкIэ)
«Ерыскъыпхъэхэр» номинацэмкIэ			
1. «Налшык гъэш комбинат» ООО	«Урысей къуэинцIэ» къуэй		96,0
2. «Гара-Суу» ООО	«Iуащхьэмахуэ лъапэ» минеральнэ псы		95,85
3. «Велес» ООО	«Golden Weles» урысей шампанскэ		95,8
4. «Налшык консерв завод» ООО	Зэм кьыхэщIыкIа компот		95,8
5. «Велес-Агро» ООО	Бройлер джэдыл		95,75
6. «ЗЭТ» дагъэ завод» ООО	«Наше золотце» сэхуран дагъэ гъэкъэбза		95,1
7. «НалшыкщIакхъуэ» ООО	Ящэ сортым щыщ хьэжыгъэм кьыхэщIыкIа «Мэкъумэщыщ1эм щIакхъуэ		94,45
8. «Жако» IэфIыкIэ фабрикэ ООО-р	Пхъэщхьэмыщхьэ-мэракIуэ гъэва зэрылъ «Долька счастья» карамель		94
«ЦIыхуэхэм папщIэ кьыщIагъэкI промышленнэ хьэпшыпхэр» номинацэмкIэ			
1. «Джеха» - унэльащIэ фабрикэ» ООО	ЛэжьапIэхэм папщIэ гъущIым кьыхэщIыкIа унэльащIэ		96
2. «Борей-Текстиль» ООО	ЦIыхухъу щыджанэхэр		92
«Производство-техникэ мыхьэнэ зиIэ продукцэ» номинацэмкIэ			
1. «Кавказкабель» кабель завод» акционер обществэ зэхуэщIа	Полиэтилен зэгуэгъэва зытеть, кВ10 зы-Iыгъ АПвIТу2г кабелхэр		98,5
2. «Тэрч алмаз» ОАО	Алмаз зыхэль коронкэхэр		92,5
«Уху́эныгъэм ирахьэлIэ материалхэр» номинацэмкIэ			
1. «Къэббалькъгипс» ООО	Блынжэ кьызэрыращIыкI гипс хьэжыгъэ		86
«Iуэхутхьэбзэхэр» номинацэмкIэ			
1. «Кхъужьей хадэ» санаторэ ООО	Санаторэ-курорт Iуэхутхьэбзэхэр		95
2. «Симба-К» ООО	«Симба» магазин гупым розницэ сатумкIэ зэфIагъэкI Iуэхутхьэбзэхэр		95
3. «Лъэгъупыкъу» сабийхэм я узынщагъэр щыгъэгъагъуэзэ республикэ центр» къэрал Iуэхущ1апIэ			95
4. «Азот» ООО	Газ оборудованэр зэгъэпэщыжыныр, абыхэм я аттестацэ егъэкIуэкIыныр, гъэунэхуныр		94
5. «Ищэ телекоммуникацэ компание» Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэ ОАО	FTTB технологием тету оптоволоконнэ линэмкIэ «Интернет» сетыр кьэгъэзэбэпыныр		94
6. «Эльбрус EXSTRIM тур» ООО	Турист Iуэхутхьэбзэхэр		94
7. КъБР-м «1905 гъэм екIуэкIа революцэм и цIэр зезыхьэ республикэ полиграфие лэжьыгъэмрэ	Тхылъхэр, газетхэр тедзэнымрэ полиграфие лэжьыгъэмрэ		85

2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ, конкурс комиссэм и унафэщI УЯНАЕВ К. Хь.-М.

«СтандартизацэмкIэ, метрологиемкIэ, сертификацэмкIэ Къэбэрдей-Балькъэр центр» федеральнэ къэрал Iуэхущ1апIэм и унафэщI, конкурс комиссэм и унафэщIым и кьуэдзэ ШУРДЫМ Ю. Хь.

Псы щыдиIэнур дапщэщ?

Гукъеуэ

Аршыдан кьуажэм Ленриным и цIэр зезыхьэ уэрамым щыпсэу унагъуэ зыбжанэм зыкъом щIауэ псы щIамыIэм и щхьэусыгъуэр зэхэдгъэкIыну жэуап пыухыкIа еттыжьну щIэпхъуэ ди газетым къэпсэльащ абы щыщ пенсионер Тулащ Линэ.

РЕДАКТОР нэхъыщхьэм а Iуэхур зэхэзгъэкIыну кьалэн кьыщысщищIым, псыкIэ гуГъу ехь хьэблэм икIэщIыпIэкIэ сыкIуащ. Псынщ1эу кьыззохуэса Батly Мухьэдин, Дыгъужьей Зое, Тулащ Линэ, Аргъэшокъуэ ХьэIишэт, Мамхэгъ Розэ, Бэхъуцэ Ксенэ сымэ псым теуха я гъукъеуэм эр гъунэншэт.

Абыхэм зэрыжаIамкIэ, егъэлеяуэ щыхьэба мы гъэмахуэм ар махуэкIэрэ зэзэмызэхэхэ фIэкIа кьижакъым. Хьэблэм я псыр жэщкIэрэ нэхъ кьож, арщхьэкIэ ар щIызэхуахьэсурэ я жейр ныкъуэ мэхъури, гугъу ирегъэхь. Псом хуэмыдэу ар кьехьэлъэкIащ нэщI иса нэхъыжьхэм. Уэнгъащхэм я пщэфIэн, жьашIэн, зэфIагъэкIын хуэдизкIэ нэгъуэщI унагъуэ Iуэху куэд абы и зэранкIэ кьыззэрынэр кьыхагъэщащ. Псы зимыIэ язынькьуэ унагъуэхэр (пенсионер, ныкъуэдькьуэ фIэкIа зэрымысхэр, сабий куэд зиIэхэр зэраехъыж кьыхэкIыу) гъунэгъухэм кIуэурэ кьаухуэмыхьу гугъу ехьырт.

ЩIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Пуаз ФатIимэ Iуэхум теухуауэ зэщIыкъузгъэзэм, зи гугъу тщIы хьэблэм псы зэрамыIэм зэрыщыгъуэзэр, ар гъэзэкIуэжьным зэрыгъелажьэр жиIащ. Администрацэм и унафэщIымрэ ЖКХ-м и нэхъыкIэ Мэсей Русланрэ я псальэхэм кьыхагъэщащ, зэраубзыхуам тегу, абыхэм псыр зэрыхуэуатыпыщ. Кьыззэрыкъэщащ, а Iуэхум сыт щыгъуи дытолажьэ, ауэ псори зэльытпжьар мыльку́ращи, ар зэрахуримыкъум кьеIуахьэ. КьыщынэмыщIауэ, кьуажэм иджыпсту щылажьэ насосхэм зы сыхьэтым хуэзэу тонн 15 - 18 фIэкIа кьыззэрыщIамышыфым кьыхэкIыу псори яхуэзэльэгъэIэсыркъым.

- ЗэрытщIэщи, псыр сыт щыгъуи ёожэх. Ар дэ кьуажапщэмкIэ дэдгъэжеину иужь дитщи, хуабэ зэрыхьуэрэ Лениным и уэрамым тес унагъуэ зыбжанэм ар яльэIэсыркъым. КьуажэкIэмкIэ псыр яIэщ, нэхъ гугъу ехьыр кьужапщэ, хэращи, зыкъытхуагъэзащ, мыгувэу зэрахуэдутIыпщынум теухуа жэуапи еттыжащ, - пещэ Иуазым. - Дунейр щыуэлбанэм и деж сыт щыгъуи абыхэм псы ять уэт. Кьамыгъэзэбэпыжу щыт кьыщIэшыпIэр зэдгъэпэщыжауэ, кьедгъэтIа щIыпIэм и деж псы кIуэпIэ бжьамийуэ километри 2-рэ метр 400-рэ дедгъалъхьэу нобэ-пщэдей яхуэдутIыпщынум.

НэхьапэкIи кьыззэрыдгъэлъэгъуащи, псым теухуауэ Арщыдан лэжьыгъэшхуэ щызэфIагъэкI. Фигу кьэдгъэкIжыныщ, 2006 гъэм Пуаз ФатIимэ кьуажэ администрацэм и унафэщI кьулыкъур кьыщыхуагъэфэщам, зэрыжьклэу псыкIэ г гугъу екъу, егъэлеяуэ хуабэрэ псы кьыщIэшыпIэ зытхух фIэкIа мылажьэу ирихьэлащ. Псы уасэ зэрамытым кьыхэкIыу абы щыщу кьыщIэшыпIитIым фIэкIа кьэмнэу адрейхэр пайщIауэ щытащ. Иджыпсту Арщыданыр процент 90-кIэ псыкIэ кьыззэрагъэпэщащ, кьыщIэшыпIэу 12 мэлажьэ. Кьуажэм цIыху мини 8-м щIигъу щопсэури, ар зыльэмыIэсу кьинар мащIэ дыдэщ. Президентым и пщэрылым тету, сыхьэтым хуэзэу тонн 60 кьыщIэзэкъуекIыщIэшыпIэщIэ 2011 гъэм яхуэунэ планым хагъэхьащи, ар зэфIэкIмэ, зэрыжьклэу псы пэрыхьэту ягъуэтынущ.

- Кьуажэдэсхэр псэупIэ-коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ арэзы зэрыгущIыныкъсыт щыгъуи дытолажьэ. Кьыщ1эшыпIэхэр зэрыдгъэлажьэ электрокъарум куэд зэригъэсым кьыхэкIыу (мазэм хуэзэу сом мин 300-м щIигъу хуоз) ди псыр лъапIэ дыдэ мэхъу, - жеIэ администрацэм и Iэтащхьэм. - КьыдэхъуIэмэ, етIанэгъэ электрокъарур зэрыгъэзахуэ Iэмэпсымэм хуэдэ дгъэувынущ. Ауэ, кьуажэдэсхэм ЖКХ-м и Iуэхутхьэбзэхэм япэкIуэр, зэращIтэмэ, псы уасэр ямытмэ, лэжьыгъэ псори псыхэкIуадэ хьунущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Гу зылыпытапхъэ: *ЩIыпIэ администрацэм хьыбар кьыззэрыдгъэщIамкIэ, дызытекIухьа Iуэхум теухуа тхыгъэр хьэзыр щыхьуэм ирихьлIэу зи гугъу тщIа щIыпIэныгъэхэр ягъэзэжу́жащ.*



ЩIэпкъ лIыхъужьхэр

Аждзэрий Кушыкупщыр *(XIX лIэщIыгъуэм и яп1 Iыхьэм псэуащ)* **Къейтыкъуэх ящыщт. Ар къэбэрдей хьэжрэтхэм я пашэт, зекIуэлI хахуэт. Кушыкупщым теуха лIыхъужь уэрэд зыбжанэ яусащ, Iуэрыйуатэ хьыбар куэд щыIэщ.**

Аруан куей

ПсэукIэщIэ яухуэ

ФокIадэ мазэм къиурубыдзу Нартхьалэ щатыпущ иджырей архитектурэм и мараз нэхъ екIуэхэм иту яухуа псэупIэ унэ зэпэщ. Къати 4-у зэтет мы унэр унагъуэ 20-м иратынущ.

УХУЭНЫГЪЭХЭР езыгъэкIуэкI «Арка» компанием кьалэкум кьащIыщэфIиригъэува унэ дахэкIейм и пэщ кIуэцIхэм иращIапхъэ лэжьыгъэхэр кьанэ щымыIэу щызэфIагъэкIащ. ХуахьэкIуэхэр иджыпсту йоужьэрэкI унэм и Iуп1апIэр зехьэнымрэ и хъуреягъыр зыхуейр хуэгъэзэнымрэ. Мыбы езым и котельнэ иIэжщ, Италием кьыщащэхуа зыхуейр-зыхуэфIэхэмкIэ уэздауэ. Япэу хьэзыр ящIа пэшхэм цIыхур щIагъэтIысхьэжащ икIи абыхэм Iэмал ягъуэтащ езыхэр зэрыхуейм хуэдэу пэш кIуэцIхэр зэрахьэну. Тыншыгъуэ псэупIэр зыщIэлъ мы псэуп

ЩIалэгъуэ

НАЗРЭН Беслъэн:

Дэтхэнэми ихь жэуаплыныгъэр, и хуитыныгъэхэр ищIэжын хуейщ

Назрэн Беслъэн

ЖЫЛЛАГЪУЭ зэкъуэт, псоукIэ тэмэм, щытыкIэ зэпIэзэрыт къэралым, республикэм щыщыIэныр зэлъытар абы и унафэщIхэмрэ Iэтащхьэхэм я акъылэгъуэхэмрэ я закъуэкъым, атIэ мыхьэнэшхуэ иIэщIадзэгъуалэм я гупсысэкIэмрэ дуней тетыкIэмрэ. Нэгъуэщ Iу жыпIэмэ, щIалэгъуалэращ къэкIуэнум и уб зыхуакIуэр, ахэращ Iуэхур зытещIыхьыпхъэрн.

КъБР-м щекIуэкI жылагъуэ-политикэ гъащIэм жыдэжру хэтщ щIалэгъуалэр. Псом хуэмыдэу абы-хэм я гупсысэкIэмрэ Iуэхущ Iафэхэмрэ утыку кърахьэф хъущ КъБР-м и ЩIалэгъуалэ парламент, правительствэ кьыззрагъэпэща нэужь.

КъБКъУ-м медицинэмкIэ и факультетым и 6-нэ курсым щеджэ, КъБР-м и ЩIалэгъуалэ парламентым Узышнагъэр хъумэнымкIэ и комиссэм и унафэщI **Назрэн Беслъэн** псэлъэгъу щытхуэхъум, упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

- Медицинэр къыщIыхэсхам щхьэусыгъуэ хуэхъуар а IэщIагъэр кУэд щIауэ сигу зэрырихьырт, апхуэдэуи цIыхухэм сэбэп уаззрыхуэхъуфым сыдихьэхауэ жыпIэ хъунущ. - кIыддогуашэ Беслъэн. - Зэрыпсэун кьызэралэжьын IэщIагъэ кьыхэзыххэм сащыщкъым, сыту жыпIэмэ, ахъшэр гъащIэм щызгъэнэхъапэкъым, атIэ сымаджэм сыдэлэпикъуныр и узыр щхьэщыхьныр си дежкIэ нэхъыщхьэщ. Абы екъэлауэ СССР-м и министр гуэрым жиIауэ щытащ: «Дохутырыфlэр зэи мэжаIемкIэм, ар щIихуабэм игъэшхэнущ». Сэ абы арэзы сыдэхъуркъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, япэрауэ, дохутырхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ я улахуэм нэхърэ нэхъ мащIэ щыIэу къыщIэкIынкым. ЕтIуанэрауэ, щIыхухэм ягъэшхэн хуейкъым дохутырхэр, езыхэм я щхьэ я гъэпсэужыфын хуейуэ аращ.

- **КъБР-м и ЩIалэгъуалэ палатэм ухыхьа зэрыхъуам, абы ущIэ къалэнхэм, евгъэкIуэкI лэжьыгъэхэм тхутепсэлъыхьыт.**

- КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэралуниверситетым и ЩIэныгъэкI ныбжьыщIэхэм я советым къыбгъэдэкIыу сыхагъэхьауэ аращ икIи, зэзгъэгъуэт IэщIагъэм тещIыхьауэ, Узышнагъэр хъумэнымкIэ комиссэм и Iэтащхьэ хъулыкъур си пщэ къыдалъхьащ. Палатэр кьызэрызэрагъэпэщ лъандэрэ лъы тынымкIэ акцэу тIу егъэзыкIуэкIащ, медицинэ факультетым и студентхэр хэту. Ахэр абы щIыхэтшам и щхьэусыгъуэр зыхуеджэ IэщIагъэм нэхъыфIу хэгъуэзэн, щIыхубэм ядэIэпыкъунрэ я щIэныгъэщ, хъун папщIэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, ар дэтхэнэ зы щIыхуми и пщэ къыдэхуэу IэкIэлъытэ, сыту жыпIэмэ, нобэ умыцIыху зыгуэр лъы хуэныкъуэмэ, апхуэдэ щытыкIэ нэхъыщхьэ къулыкъур и хъуэпсапIэщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, и лъабжьэм щекIуэкIыр ямыщIэу, лъагапIэм щIохъуэпс.

А псом къыщежьэр гъэсэныгъэращ, кьыщынэмыщIауэ, жыдагъуэм я зэхэтыкIэрщ. Дэтхэнэми ихь жэуаплыныгъэр, и хуитыныгъэхэр ищIэжу щытыпхъэщ.

- **«Дохутыр ныбжьыщIэхэм я щIэныгъэр е Iэзагъыр яхурикъуркъым сымаджэр ягъэхъужыну», - жаIэу зэхьдох куэдрэ? Уэ дауэ уеплърэ абы?**

- Парламентым щезгъэкIуэкI лэжьыгъэм нэхърэ нэхъ япэ изогъэщ си щIэныгъэм хэзгъэхъуэныр, си IэщIагъэм сыхэгъуэзэныр. Иджыблагъэ практикэ дыщIати, сльэгъуащ дохутырхэмрэ сымаджэхэмрэ я зэхущытыкIэр. Дохутырхэм я Iэзагъыр нэсу кьыщIамылъытэм и цIхьэусыгъуэу кьыссщIхьуащ езы цIыхухэр зэрызыкIэлъымылъыжыр, я узыншагъэм зэрыхуэмысакъыр. Къапщтэмэ, цIыхур узым кьыхигъэзыхьыпIэ мыхъууэ дохутырым зыхуигъаззрокъым. ЗэрыфщIэщи, абы щыгъуэм деж Iуэхур кУэдкIэ нэхъ гугъу мэхъу. Апхуэдэ дыдэщ хуатха хущIхъуэхэр щIзрамылъэлъэIэ къызэрыхъури. Ахэр ямыщIэжу, дохутырым и Iэзагъым шэч кьыщытрахьэм деж сфIэфIкъым.

Пщэдджыжьым къэтэджа нэужь зи Iэпкълъэпкъым зезыгъэукъуэдий, ишх ерыскъыхэм кIэлъыплъ, илъэсым зэ нэхъ мыхъуми дохутыр зэзыгъэплъэр кУэд хъууэ си гугъэкъым. Апхуэдэу зыкIэлъыплъыжу щытамэ, езыхэри нэхъ тыншынут, дохутырми и кьалэныр нэхъ псынщIэ хъунут.

- **ИтэкIэ уплъэмэ, дохутыр IэщIагъэра хьэмэрэ политикэ дэжьыгъэра къыхэпхыну уи гугъэр, Беслъэн?**

- Политик сыхъуныр утепсэлъыхьыну зэкIэ пасэщ. Дохутыр сыхъуну арагъэнщ. Политикыу ущытын, утыкушхуэхэм уихьэн папщIэ, щIэныгъэм и закъуэкъым узыхуейр, атIэ уи IэщIагъэм и щэху псори къэпщIэн хуейщ, ущылажьэ IэнатIэм хэлъ ныкъуасныгъэхэр зэбгъэщIапхъэщ. МедицинэмкIэ факультетыр къэбухрэ сымаджэщ зэи ущымылэжьауэ нэхъ ищхьэкIэ Iэнатlэ кьыщыплъыхьэмэ, сыт кьыпхэкIынур? Зыри!

Кьыхэпха IэщIагъэм, я нэхъ мащIэрамэ, илъэс тIощI уриляжьмэ, лъагапIэ гуэрхэм ухуэплъэхуну кьызэлъытэ. Политикыр хэт? Ар жылагъуэм я псэукIэр нэхъ тынш щIынымкIэ «Iэмэпсымэу» аращ. Аращ, абы ухуэхьэзыру щытыпхъэщ.

Елисейдэр
НЭЩIЭПЫДЖЭ
Замирэщ.

ЩIЭНЫГЪЭ зэгъэгъуэтыным, щIэ гуэрхэр къэщIэным, гъащIэм и лъэныкъуэ псори гъэунэхуным и щIалэгъуэм щегъэжьауэ щIэхъуэпс цIыхум куэд зрегъэхъулIэф. Апхуэдэуи нэхъ жыджэрхэм кьыхах гъуэгур цIыху куэд зытемытырщ, щэху гуэр узыщрихьэлIэрщ. Абы и лъэныкъуэкIэ я гупсысэкIэр зэщхьэу кьыщIэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэралуниверситетым филологиемкIэ и факультетым хьэрыпыбзэмкIэ и кьудамэм щызэрихьэлIа Багъэтыр Аэзмэтрэ Бищо Иналрэ. Иджырей лъэхъэнэм щалэгъуалэм я нэхьыбэр инджылызбзэм хуеджэмэ, щIалэхэм хьэрыпыбзэр нэхъ кьыхахащ икIи зрагъэщIа псори ягъэунэхуну, зи бзэр ядж лъэпкъым и щэнхабзэм зыщагъэгъуэзэну иджыблагъэ Иорданием щыIащ.

Иналрэ Аэзмэтрэ зэныбжьыгъущ, илъэситхукIэ зэдеджащ икIи кьыхаха бзэр нэхьыфIу зрагъэщIэн мурадкIэ хамэ кьэралкIуэну Iэмал кьыщыкъуэкIым, тIури куэдрэ гупсысакъым.

Багъэтыр Аэзмэт: Абы куууэ ущIегупсысыни щыIэтэкъым, сыту жыпIэмэ, зи бзэ зэбгъэщIа лъэпкъым и дуней тетыкIэр, и щэнхабзэр, псэукIэр зэбгъэльагъуну уи нэ кIокI. КъащщынэмыщIауэ, Иорданием ди лъэпкъэгъуэр зэрыщIэсым, ахэр тыншу хьэрыпхэм кьаззрыдекIуэкIым дыщыгъуаззэти, мис абы дыдихьэхащ.

- Пэжщ си ныбжьэгъум ди хь

«Бейбарс» - «ТекIуэныгъэр зей»



●ЗэвгъэцIыху

Бейбарс щыгъщ Израилым и щIалэгъуалэ гуп кыыхэхам и фащэр.



Натхъуэ Бейбарс ирогушхуэ зыIэригъэхьа екъулIэныгъэхэм, кыыхуагъэфэща спорт дамыгъэхэм. Абыхэм ар льагапIэщIэхэм нэхъри трагьэгушхуэ.

респондентыр щыхьэщIащ Урысей футбол кIуэ Къэзан и «Рубин»-м - Къэзан и «Рубин»-м - щIэуэ кыыхыхьахэм я нэхъыфI Натхъуэ Бейбарс кьэзыхьахэм я льапсэм икIи абы и кьекIуэкIыкIам теухуауэ ахьлэмэт куэд кьишащ.

«6» НОМЕРЫР зытет футболкэр Бейбарс дежкIэ насыпыфIэу къыщIэкIащ. Кфар-Камэ щыщ ныбжьыщIэ зэчиифIэм зэгуэр кыыхха бжыгъэр и адэм и чэнджэщIэ ильэс куэдкIэ ихьуэжакьым. А номерыр тельу и кьуажэ командэм щыщIидзащ спортыщхьуэ гъуэгуанэм, нужьым, къэралым и клуб пэрытхэм ящыщ зым - Тель-Авив и «Хапоэль»-м - хэту толджэгу губгъуэм ихьащ. Натхъуэ Акрам (ар дунейм ехьыкащ) нэщэнэхэр и фIэщ мыхьхущэми, а бжыгъэр и кьуэм кьыщыхуэсэбэпащ Израилым и щIалэгъуалэ командэ кыыхэхам - Бейбарс зэман кIэщым абы и капитан хьуащ. Кьыхэдгъэщынщи, Израиль футболым и тхыдэм капитан кьалэныр журтым нэмыщI нэгъуэщым щыIысыар а зэ закъуэрщ. Натхъуэ нэхъыщIэм и гъащIэми и спорт зыужьыныгъэми зэхъуэкIыныгъэ щигъу этар щIалэр У рысей Федерацэм кьэкIуэ кьэужащ. «Рубин»-м кьыхыхьа щIалэщIэм, командэм и унафэщIэхэм гугъэфIэр зрапхьм, щхьэгъуэ кьишэри, и нужеинэ «кьыщIэ хьикIэ» ихьуэжащ. Ар жэуапльныгъэ зыпыль, и кьуэм ищIэу кьыхихьа льбакьуэу кьелытэ и анэ Нурхьан: Бейбарс и Iыхьлы гъунэгъу Натхъуэ Нили, Израилым и волейболистхэ цIэрыIуэм, ильэситху и пэкIэ аварием хэкIуэдам, а бжыгъэрщ зэрихьар. Иджы хы бжыгъэ тIуащIэм Бейбарс и адэмрэ Нилирэ игу кьеГэкIыж.

Дунейпсо зэхьэзэхуэхэм зыщыдзыгъэльэгъуа Натхъуэр «Рубин»-м щригъэблагъэм, хьэуэ кыыхигъэкIыж - УФ-м и премьер-лигэм и командэ нэхъыфIым хыхьэну европей класс зиIэ Бейбарс дежкIэ контрактым мыльку и льэныкъуэкIэ мыхьэнэщхуэ иIэтэжым, кьэзан клубым и сэбэп зыхэлъ нэгъуэщI щыгъкIэр ящэ ищащ: Кфар-Камэ, Рихьэние адыгэ жылагъуэхэм щыпсэу и льаэхэгъу ку эдми хуэдэу, Натхъуэ диныр зи фIэщ хьу цыхуэр. Тэт эрсаным, урысей ислъамым, и щыхьэр пэлытIэм, зэрыкIуам футболист щIалэщIэр хущIегъуэ-ежьыркъым.

- Бейбарс кьрищIыIа юнтрактым Iэ зэрыщIидзу, «Рубин»-м и тренер Бердыев Курбан Кфар-Камэ кьэкIуащ, - жеIэ Натхъуэ Нурхьан (ар Рихьэние щыщщ). - Абы тельыдыжэ щыхьуат километр мин бжыгъэкIэ Кавказым пэIущIэ адыгэхэм я хабзэр, я бзэр зэрахьумар. Бердыевыр щежьэжьи, дыкьинтъэгугащ мыгувэу кьытригъэ эжыну. Абы гунэс щыхьуат адыгэ кьуажэм щиIэтэуа хьэщIагъэмрэ гуапагъэмрэ.

«Рубин»-м и гъэсакIуэр япэ дыдэу Кфар-Камэ кьыщыщыхутам, езыр пэмыпльагъэхэу, адыгэ хьэгъуэлIыгьэм щIэ зиIэ и хьэщIэ хуэ ат Мис абы щыгъу з тригъэчыныхьат Бейбарс кIыхьлIыхь имыщIу щхьэгъуэ кишэным.

- «Мыбы кьыщумышэмэ, Къэзан кьыщодгъэшэнщ, пщащэ дахэ ди куэдщI - гуфIэр и нэгум кьрихьиу игу кьегъэкIыж Нурхьан Бердыевым и псальэхэр. - Бейбарс а зэманым апхуэдэ гупсысэ иIэти, и тренерыщIэм и псальэхэм нэхъри трагъэгушхуащ.

Мазэ дэкIри, Бейбарс илъэситкIэ зэпсэльа, зэ Iупльъэгъуэм игури и псэри зытхьэкъуа пщащэр кьишэри, хьэгъуэлIыгьэр псынщIэу ирагъэжьащ. КIэщIу жыпIэмэ, Натхъуэр Урысейм кьэкIуауэ и щхьэгъуэ ХьэщIэмыз Талие щыгъуу, ари Кфар-Камэщ кьыщальхуар.

- А махуэхэм «Рубин»-м Европей Кубокыр кьэхьыплагъэм, хьэуэ зыхуитIэ-хьэзырырти, ди жагъуэ зэрихьуащ, хьэгъуэлIыгьэм Къэзан икIыу зыри кьеблэгъэфакьым, - жеIэ Нурхьан. - ТелефонкIэ кье хьу эхъуащ, Бердыевым Iуэхур Iэтауэ игъэльапIэну кьигъэгугащ.

Натхъуэм и унэм и хьэщIэщ пэщым футбол щIыхьым и музей уигу кьеГэкI: абы и блынхэм фIэдзащ газетхэмрэ журналхэмрэ кьыхэгъэжа планэпэхэр, кубокхэр, медалхэр, дипломхэр, и унагъуэ альбомым сурэт хьэлэмэт куэд дэльщ. Pl ныбжьым елыгъауэ, Бейбарс спортым епха хьэпшып куэд зэхуихьэсащ. А псоми кьахощ Бейбарсрэ и адэ Акрамрэ «Хапоэль» и зэIущIэхэм ящыщ зым и ужькIэ зытрагъэха сурэтыщхьэр. Натхъуэ нэхъыжьым зы топджэгуи блигъэкIыртэкым, и кьуэ закъуэр спортсмен цIэрыIуэ, пщIэ зыхуащI цIыху нэс хуэну щIэхъуэпсыртри, гъэсэныгъэм я нэхъыфIыр бгъэдилъхьэрт.

- Дэ псоми ди фIыщ хьурт Бейбарс спортым екъулIэныгъэхэр зэрыщыгъэзыIэрригъэхьэнур, - жеIэ футболистым и анэм. - Абы иджыри зекIуэн щIидзатэкъым цхьэкIэ топым еуэну щхьущIэкъум. Ар и псэм хэпльу кьэтэджащ Бейбарс, Iэхъум жэуапльныгъэ пыльу бгъэ дыхьэу, и гуащIэ псор ирихьэлIэрэ зигъасэу кьэхьауащ. Зы дакьикьи хущIыхьэгъуэ иIэтэ-кьым, зэIущIэхэм, зыгъэзэныгъэхэм кьащыдэхэу ун Iэр зэман кIэщым кьуажэм кьэкIуэжамэ, топыр кьищтэрти, щIалэ цIыкIухэм ящыгъуу стадионым кIуэрт. Топджэгум апхуэдизу хьэщыкъ зэрыхуэхьэр нэрылъагъэти, кьытхуэнэжьыр сыт и лъэныкъуэкIи тедгъэпущу эныр, и мурадыр кьехьулIэн папщIэ зыщIэдгъэкьуэныр.

Мастер лъэщ кьищыкIыху Бейбарс гьунэгъу унэхэм щхьэгъубжэ абдж дапщэ хикьутыкIами, ягу кьагъэкIыжыркьым. Ауэ аракьым нэхъыщхьэр. Нобэ Натхъуэр Израилым щыпсэу адыгэхэр зэрыгушхуэщ, щIалэгъуалэм я щапхьэщ. Бейбарс кьигъэлъэгъуащ уи кьарурэ ерыщагъкIэ узыкуеИм уи Iэр зэрытебгъэхуэфынур, узыхуэпабгъэ екьулIэныгъэхэр, льагапIэхэр гъащIэм зэрыщIэзыIэрыбгъэхьэфынур. Абы щигъуэми, укьыщалъхуа щыIпIэми укьызыхэкIа льэпкъми емыльытауэ.

- Псори езым и гуащIэкIэ зыIэригъэхьащ, - кьыдэхэщ Нурхьан. - Ар ткIийуэ спорт мардэм тетщ. Пщэдей джэгу кьыпэщылъмэ, ихьуреягьыр щыгъупщэрти, игури и псэри а зэIущIэм триухуэр т. Кьуажэм щекIуэжI хьэгъуэлIыгьэми и ныбжьэгъуэхэм кьыщалъхуа махуэр ягъэлъапIэми - зыми дихьэхьфынутэкъым, командэр, тренерхэмрэ топджэгуепльхэмрэ кьыззэрыщигугъыр япэ иригъэщIрт.

Нурхьан кьыззэрыджиIамкIэ, Бейбарс футболым щиIэ зэфIэкIыр япэ дыдэу кьэзылъытар нэхьапэм топджэгуи блигъэкIыртэкым, и кьуэ закъуэр спортсмен цIэрыIуэ, пщIэ зыхуащI цIыху нэс хуэну щIэхъуэпсыртри, гъэсэныгъэм я нэхъыфIыр бгъэдилъхьэрт.

- Дэ псоми ди фIыщ хьурт Бейбарс спортым екъулIэныгъэхэр зэрыщыгъэзыIэрригъэхьэнур, - жеIэ футболистым и анэм. - Абы иджыри зекIуэн щIидзатэкъым цхьэкIэ топым еуэну щхьущIэкъум. Ар и псэм хэпльу кьэтэджащ Бейбарс, Iэхъум жэуапльныгъэ пыльу бгъэ дыхьэу, и гуащIэ псор ирихьэлIэрэ зигъасэу кьэхьауащ. Зы дакьикьи хущIыхьэгъуэ иIэтэ-кьым, зэIущIэхэм, зыгъэзэныгъэхэм кьащыдэхэу ун Iэр зэман кIэщым кьуажэм кьэкIуэжамэ, топыр кьищтэрти, щIалэ цIыкIухэм ящыгъуу стадионым кIуэрт. Топджэгум апхуэдизу хьэщыкъ зэрыхуэхьэр нэрылъагъути, кьытхуэнэжьыр сыт и лъэныкъуэкIи тедгъэпущу эныр, и мурадыр кьехьулIэн папщIэ зыщIэдгъэкьуэныр.

Мастер лъэщ кьищыкIыху Бейбарс гьунэгъу унэхэм щхьэгъубжэ абдж дапщэ хикьутыкIами, ягу кьагъэкIыжыркьым. Ауэ аракьым нэхъыщхьэр. Нобэ Натхъуэр Израилым щыпсэу адыгэхэр зэрыгушхуэщ, щIалэгъуалэм я щапхьэщ. Бейбарс кьигъэлъэгъуащ уи кьарурэ ерыщагъкIэ узыкуеИм уи Iэр зэрытебгъэхуэфынур, узыхуэпабгъэ екьулIэныгъэхэр, льагапIэхэр гъащIэм зэрыщIэзыIэрыбгъэхьэфынур. Абы щигъуэми, укьыщалъхуа щыIпIэми укьызыхэкIа льэпкъми емыльытауэ.

- Псори езым и гуащIэкIэ зыIэригъэхьащ, - кьыдэхэщ Нурхьан. - Ар ткIийуэ спорт мардэм тетщ. Пщэдей джэгу кьыпэщылъмэ, ихьуреягьыр щыгъупщэрти, игури и псэри а зэIущIэм триухуэр т. Кьуажэм щекIуэжI хьэгъуэлIыгьэми и ныбжьэгъуэхэм кьыщалъхуа махуэр ягъэлъапIэми - зыми дихьэхьфынутэкъым, командэр, тренерхэмрэ топджэгуепльхэмрэ кьыззэрыщигугъыр япэ иригъэщIрт.

Ирурегупсыс. Натхъуэ - футбол унэщIэщ, ар псоми ирырагъэIэ? ИпэжьыпIкIэ абы и ужькIэ псоми зихьэужащ. Ар Бейбарс кьыззэрехьуэлар сщIэркъым, ауэ а гугъуехыр зэфIэ ха хьу аш: Урысеймы ди унэцIэр тэмэму щыжаIэ, ар Израиль адыгэхэм зэрращIри ящIэ.

Нурхьанрэ и кьару илыгъуэу, пасэу дунейм ехьжа и щхьэгъуэсэ Акрамрэ сабиипIэ зэдапIащ. Бейбарс кьищынэмыщIауэ, абы иджыри хьыджэбзщ яIэщ. Нэхъыжь Натали унагъуэщ, Рихьэние щопсэу. Курытыр, Нивин, унагъуэщ. НэхъыщIэ Наташэ и анэм щыгъуэу мэпсэу. Ар Къэзан щыIащ, и дэльхъм и щыIэкIэ-псэукIэр зригъэщIащ.

- Къэзан кьалэ хьэлэмэтщ, - жеIэ Наташэ. - Ар инщ, пасэрей, тхыдэжь нэщэнэхэм дэнэ джеи ущрохьэлIэ. Псори дахащэщ, апхуэдэуи иджырей эзманым екIу хьэблэхэми удахьэх. Бейбарс командэр хьарзынэу кьыIущIащ, абы с тадионым тэгъуэнэгъуэ (дакьикьитхукIэ унэсынущ) фэтэр, автомашинэ кьраташ, кIэщIу жыпIэмэ, сыт и лъэныкъуэкIи кьыззрагъэпэщащ. Нэхъыщхьэр, езым и дежкIэ псынщIагъэщ, тынщщ, и щхьэгъуэсэри щыгъущ, дэри кIэщI-кIэщIурэ дыльыIуэзэну Iэмал диIэщ. А псоми мыхьэнэшхуэ яIэщ спортсменым дежкIэ.

- Дэ спортым дыдезыгъэхьэхар ди адэрщ, - игу кьегъэкIыж Натали. - Си щIалэгъуэм баскетболыр сфIэгъэщIэгъэнт, ау э си гъащIэр абы тезухуэну сыхуейтэкъым. Ауэ щыхьукIи, телевизоркIэ зы спорт нэтыни блэзгъэкIырькъым: футбол, хоккей, баскетбол, волейболи ирехьуи, псори сфIэхьэлэмэтщ.

Бейбарс унагъуэм и псэщ. Ар школым кьыщикIыж кьэхьурт футбол топ закьуэр Iэщ Iэлъу, и портфельыр класс гуэрым кьыщIинауэ, икIи ар кьыхуэгъурт сыт щыгъуи. Псоми ящIэрт ар футболист зэрыхъунри, зэрыIунагъуэу абы «тележкьэрт».

- Зэгуэр Бейбарс Тель-Авив и «Хапоэль»-р кьыхихри, фIыуэ ильэгъуэ командэм хуэпэжу кьеклуэкIащ, - жеIэ Нурхьан. - А зэманым Акрам Израиль армэм и полковникти, ильэситхукIэ Иерусалим пэгъунэгъуэу дыдэхьуэн хуей хуэдэу щытащ. Бейбарс а щIыпIэм и «Бейт ар» командэм ираджат, арщхьэкIэ и клубыр ихьуэжакьым. Километрищ гъуэгуанэ махуэ кьэс зэпичырт, и унэм пэгъунэгъуэ джэгуну Iэмал иIэ пэтми. Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ щыпсэуэхэр кьыдощI жыпIэмэ, егъэлеякьым. Кавказ Ищхьэрэм щыIэ адыгэ республикIэм эми щыхэхъуащ дуней псом тIэунейрэ и чемпионым кьыдэщIэжи, апхуэдизуи тенджыз фIыщIэ Iуфэм Iус Шапсыгым - Натхъуэ унэцIэм и тхыдэ льаэхэм. Телевизорыр щыпызгъанэкIэ, Бердыев Курбан и гупым занщIэу кьыщызолъхьэхьуэ «Бейбарс» - си нэIуасэ номерыр, сыту жыпIэмэ, сощIэ абы Iэмал имыIэу екьулIэныгъэ кьахуихьынущ, «Бейбарс» жиIэмэ - «Т екIуныгъэр зей» жыхуиIэщ.

Тхыгъэри дурэтIри
НЫБЭ Анзор ейщ.
Сочэ - Кфар-Камэ - Сочэ.



Бейбарс и анэ Нурхьан, и шыпхъуэху Наташэ, Натали.

Натхъуэ Бейбарсрэ ХьэщIэмыз Талиерэ я хьэгъуэлIыгъуэщ. Зэщхьэгъусэхэр зэрынасыпыфIэр я нэгум кьощ.

● Футбол

Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам и гъуащхьауэ Погребняк Павел бжыгъэр кьызэIуех.

Загъасэ хуэдэурэ

Мэрем кIуам щIидзащ футболымкIэ Европэм и чемпионату 2012 гъэм екIуэкIыну я хэтынуэр кьыщыхьах зэIущIэхэм. А махуэм УФ-м и командэ кьыхэкIам и тренерыщIэ Адвокат Дик и гъэсэнхэр яIущащ Андоррэм и футболистхэм.

ДИ щIалэхэм кьапэщIэта хэгъэрейхэм я командэм хэтым я нэхъыбэм футболыр я IэщIагъэ нэхьыщхьэу щыткьым. Псори зэгъуэгъуэ кьапщтэмэ, абыхэм я Iэзагьыр УФ-м и япэ дивизионым щыджэгу футболистхэм хуэдэнщ. Мыр ди хьэрхуэрэгъуэхэр хэутэн зэрытщIын Iуэхугъэкьым, атIэ зэIущIэр зэрекIуэкIам дызыхуиша гупсысэщ. Кьэтщтэнщи, япэ Iыхьэм ящрыбыдэу хэгъэрейхэр Акинфеевым и гъуэм тIэу кьудейрэщ кьыззреуэфар, абы щыгъуэми, Игорь топыр зыIэщитIгъэкIын щхьэкIэ Iуахбжьу гугъу зригъэхьын хуейт.

Андоррэм и япэебгъэрыкIуэныгъэм и ужькIэщ зэIущIэм и бжыгъэр кьыщыщIэIуахар. Ауэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, ар зыхуэзфIэкIар Урысей Федерацэм и к оманд эращ. Зыряновым кьриГъэжьа контратакэ псынщIэр Аршавиным кьипхьэтащ икIи нужьрейм топыр Погребняк хуигъэжащ. Германием и «Штутгарт»-м и гъащхьауэм ар гъуэм игъэкIуэным гугъущэ дехьакьым - 0:1.

Япэ Iыхьэм кьриубыдэу бжыгъэр ягъэбэгъуэну Iэмал хъарзынэхэр яIащ Зыряновым, Аршавиным, Погребняк сымэ, арщхьэкIэ хэгъэрейхэм я гъащхьэтетым топхэм кьригъэгъазэрт.

Загъэпсэхуу кьихьэжа нужь, щытыкIэм зихъуэжакьым. Ди щIалэхэр зэребгъэрыкIуэ зэпытт. Быстровым и пIэкIэ джэгум кьыхьыха Дзагоевым и фIыгъэкIэ, ди командэм зэщхьэщыкIыныкъуэ игъэбэгъуащ. Аршавиным кьрита топыр гъуащхьэхъуэмэхэм яблэзыка Алан гъуэм щыхуэкIуам, ирауадащ - пенальти. Ар Iэзэу игъэзэщIащ бжыгъэр кьызэIузыха Погребняк.

Хэгъэрейхэм я лъэныкъуэмкIэ зыщщызыгъэбыда УФ-м и командэ кьыхэх хам зигъасэ хуэдэурэ и кIэм ингъэсащ кьэнэжа зэманыр.

Кьыкlэтыкlуэ зэIущIэр ди щIалэхэм нобэ ирагъэкIуэкIынущ. Абыхэм Мэкку кьыщIагъэбэлэгъэнущ Словакием и командэ кьыхэжар.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Аршавиныр, ирауд пэтми, яфIокIуэ.

●КъБР-м щыIэ МВД-м

ЩIэпхъаджащIэр яIэщIокI

Налшык къалэ УВД-м и участковэ инспектор милицэм и лейтенант нэхъыжь Тхьэзэплъыж Артур зыхэт гупым фокIадэм и 4 жэщым щыкIалэр республикэм и щыхьэрым и куейхэм ящыщ зым щрихьэкIыIу. сыхьэт 24-м полизитлен пакет зыIыгъ щыхум щэч хуащIащ.

ИУЖЬЫМ, кьызэрыщIэкIамкIэ, абы ильащ зи лъэщагъыр тротил килограммым хуэкIуэ кьагъвуэ Iэрыщ Iэмэпсымэ, ТТ кIэрахъуэм и щэу 32-рэ, ПМ кIэрахъуэм ейуэ 8-рэ, кьагъуэ Iэрыщ Iэмэпсымэ.

Тхьэзэплъыж Артур ар кьигъэувыIэри, и тхыльхэм щIэупщIащ. ЩIэпхъаджащIэр Iэщ кIэ кьеуэщ, иIыгъ пакетыр хьIфIидзэри, щIэпхъуэжащ. Хабзэхъумэхэр абы кIэльыуэурэ, яIащIэкIащ. Милицэм и лэжьакIуэхэм ар кьалъыхьуэ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру КъБР-м щыIэ генерал-лейтенант Томчак Юрий и унафэкIэ, «Вулкан-3»-м лэжьэн щIидзащ. ЩIэпхъаджащIэр хэтми яубыхьащ.

Тхьэзэплъыж Артур кьытехуа уIэгъэм илыкIащ. ЦIыху мамырхэм лей зытехьа яхэткьым.

УФ-м и прокуратурэу КъБР-м щыIэм и Следственнэ комитетым Следствиемкlэ и управленэм уголовнэ Iэху кьиэтащ УФ-м и УК-м и статья зыбжанэм япкъ итклэ.

Милицэм и лейтенант нэхъыжь Тхьэзэплъыж Артур зэрыхэкIуэдар республикэ милицэм и унафэщIхэм, зэращыгъу лэжьакIуэ гупым, гущIыхьэ ящыкIуащ. Иужь гъуэгуанэм щрагъажьэм ирихьэлIащ зыдэлэжьахэр, УВД-МОВД-ОВД-хэм я унафэщIхэр. Милиционер хэкIуэдам и унагъуэм, Iыхьлыхэм яхуэгузэващ къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру КъБР-м щыIэ генерал-лейтенант Томчак Юрий.

Милицэм и участковэ инспекторыр зыщIыхуу щыта дэтхэнэми ар игу кьинэжьынущ ныбжьэгъу пэжу, хахуагъэ зыхэлъ цIыхуу. Абы и ныбжьыр илъэс 30-м щхьэдэха къудейт. И кьару илъыгъуэу ар хэкIуэдащ и лъахэм, и цIыхухэм я мамырыгъэм папщIэ.

Тхьэзэплъыж Артур Руслан и кьуэр тхьэмахуэ махуэм пщIэ хуащIу Налшык щыщIалъхьащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

ЗыкIэ нэхъ мащIэ мэхъу

Республикэм и цIыхухэм яхуэгъэза щIэпхъаджагъэ хьэлъхьэр зыIэжьа, ахэр кьызэзыгъэпэща бзаджащIэхэр убыдыным теухуа Iуэхугъуэхэр ирагъэкIуэкI Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ Iэнатlэхэм.

ФОКIАДЭМ и 4-м и пщэдджьыкьым сыхьэти 4-м Зеикьуэ кьуажэ гъунэм деж мэзым кьыщIэкIа цIыхум гу щыльтащ. И дэфтэрхэр кьаригъэлъагъуну щыхуагъэувым, Iэщ Iэкlэ кьахэуэу щIидзащ. Хабзэхъумэхэр абы пэджэжри, а зэпэщIэувэныгъэм щIапхъаджащIэр щаукIащ. Ар хэтми яубыхьащ, ауэ Iуэхур зэхагъэкIыху хэлъщIыIу ящIынукъым. Абы кьытрахащ IэщIэрэ абы и Iэмэпсымэхэмрэ, радиостанц. Хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм лей зытехьа яхэткьым.

ЩIыпIэр щIапщытыкI, Iуэхур зэхагъэкI.

КъБР-м щыIэ МВД-м щIыхуэзэм захуегъаза сакьыну, набдзэгубдзапльэу щытыну. Ягъэхьэзыр щIэпхъаджагъэхэм, апхуэдэу ялэжьа-хэм ятеухуа хьыбар зыщIэ щыIэмэ, икIэщIы-пIэкIэ мы телефонхэмкIэ фыписалъэ:

48-16-37 - Оперативнэ штаб;
40-49-10 - КъБР-м щыIэ МВД-м и плъыр часть;
47-15-16 - УФ-м и ФСБ-м и Iуэхущ Iапl э КъБР-м щыIэм и плъыр часть.

КъБР-м и Хабзэхъумэ Iэнатlэхэм Зыуэ щыт я хъыбарёгъащIэ центр.

«Нарт-ТВ»-р пыфщIэну фыхуеЙ? ●Гу зылъытапхъэ

«Юг-Сайт» ООО-м ещэ, егъэув спутник антеннэхэр. Апхуэдэу мыбы пхупащIэнущ «Нарт-ТВ» адыгэ каналыр - жэщми махуэми сыхьэт 24-кIэ лажьэр.

Ди хэщIапIэр: Налшык къалэ, Кулиевым и уэрам, 18, «Эльдорадо» тыкуэн, 2-нэ къат. Телефоныр: 40-22-95.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖылаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжыкьаро Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ цIыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; цIыхубзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ Iапl эхэм я дэлажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ щIыкIэмэхэмкIэ - 42-22-88; екъулIэныгъэмрэ щIыкIэмэхэмкIэ - 47-32-15; зэдэгъэкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапl эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пжагъымкIэ ахэр зытхахэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпытуныкъым.

Газетыр Iэ тельдзахэм яхуэхьынырэ и щIэ дэтыщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.
Газетыр щрыкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

1905 гъэм щыта Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIыкIэ цIыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыджIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу Афэ Тамарэ *(1, 3-нэ нап.)*, Щодзэн Заирэ *(2, 4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэПмыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр щIащIдэл* Маринэ, ГъуКIэлI Рае, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр "Адыгэ псальэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхъэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.125 ● Заказ №2496